

**“Sprint 1Million Project (1MP)” (Pwojè ‘1Million’) 2020-2021
Akò Konsantman Paran/Gadyen**



Akò sa a fèt nan tèt ansanm ant Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid n ap refere ak li nan dokiman sa a kòm “Miami-Dade County Public Schools ak M-DCPS” (Lekòl Leta Miami-Dade County), Elèv la, e Paran/Gadyen nou nonmen nan paj 2 Akò a. Nou ap mete aparèy mobil (“aparèy”) nou asiyen an disponib pou elèv M-DCPS ki elijib nan Jadendanfan – 12èm ane eskolè pandan yo enskri nan Lekòl Leta Miami-Dade County e avèk tèm e kondisyon ki dekri nan dokiman sa a sèlman pou bi sèvis edikasyonèl Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS) bay.

- Posesyon ak itilizasyon elèv la fè avèk aparèy mobil la dwe toujou fèt selon tèm ak kondisyon ki dekri nan dokiman sa a, avèk tout lwa e regilasyon eta ak federal ki aplikab, dapre Règ Komisyon Konsèy Lekòl 7540.03 - *Itilizasyon Elèv la Fè ak Teknoloji yon Fason ki Responsab, Medya Sosyal, e Sistèm Rezo Distri* a ak tout règ e pwosedi M-DCPS ki aplikab. M-DCPS ka mete plis restriksyon pou elèv la sou itilizasyon ak posesyon aparèy la, nenpòt lè e pou nenpòt rezon, avèk oubyen san avètisman.
- Elèv dwe remèt aparèy la bay M-DCPS lè yo pa enskri ankò nan Lekòl Leta Miami-Dade County; lè nou dekouvri yo an vyolasyon ak règ Komisyon Konsèy Lekòl yo, Eta a oubyen lwa Federal yo; Lè M-DCPS bay elèv la avi li dwe retounen aparèy la; oubyen si elèv la sispann pèfòme kèlkeswa obligasyon li anba Akò sa a. Elèv ki ap transfere soti nan yon lekòl M-DCPS pou ale nan yon lòt lekòl dwe remèt telefòn yo a nan lekòl yo ale kounye a e yo ka aplike ankò pou yon telefòn nan nouvo lekòl yo prale a.
- Aparèy Mobil la e nenpòt eleman akseswa ki akonpaye l (egz. kòd pou ploge l) se pou M-DCPS e li ap rete posesyon M-DCPS. Konsa, elèv ak paran ap pèmèt moun M-DCPS deziye egzamine aparèy mobil la ak kontni li nenpòt lè pou nenpòt rezon, ki gen ladan, men ki pa limite a, enspeksyon, antretyen, reparasyon, modènizasyon, e/oubyen enstalasyon pwogram. Si yon pwofesè oubyen administratè M-DCPS, pou okenn rezon mande elèv la oubyen paran/gadyen elèv la pou li remèt aparèy la, li dwe remèt pwofesè a oubyen administratè a aparèy la imedyatman. Ni elèv la oubyen Paran an pap gen dwa prive sou kèlkeswa done ki estoke nan aparèy mobil la oubyen nan nenpòt rezo M-DCPS.
- Pou kèlkeswa rezon an elèv la pap itilize oubyen pèmèt moun itilize aparèy la pou patisipe nan yon krim oubyen fwòd, telechaje, gade, oubyen transmèt pònografi oubyen kontni pònografik, telechaje oubyen itilize done ilegal oubyen ki pa otorize, nuizans oubyen arasman (ki gen ladan nuizans sou Entènèt), aktivite malveyan sou Entènèt (ki gen ladan pirataj), oubyen yon aktivite ki pa legal kèlkeswa kalite li.
- Nenpòt vyolasyon tèm oubyen kondisyon ki nan dokiman sa a oubyen referans nou fè ladan ka fè nou mete restriksyon, sispann, oubyen tèmine posesyon oubyen itilizasyon aparèy sa a, avèk oubyen san avètisman, selon diskresyon M-DCPS sèlman.
- M-DCPS pa asime okenn responsablite pou kèlkeswa materyèl moun telechaje sou aparèy distri a bay. Paran ak Elèv la, ki gen ladan eritye ak reprezantan yo dakò yo ap renonse, pou toutan dispansè, dedomaje, defann, e kenbe M-DCPS inosan de nenpòt e tout reklamasyon ki se konsekans itilizasyon, move itilizasyon, oubyen posesyon Elèv la oubyen Paran an fè avèk aparèy mobil nou remèt Elèv la dapre Akò sa a ki gen ladan men ki pa limite a nenpòt e tout domaj kèlkeswa espès oubyen kalite yo.
- Elèv ak Paran pa dwe fè okenn modifikasyon oubyen ajoute atachman, ekipman, oubyen pwogram nan aparèy mobil la san yon pèmasyon espesifik ki soti nan M-DCPS, e pèmasyon sa a dwe opsyon M-DCPS sèlman.
- Elèv ak Paran dakò pou yo imedyatman avize anplwaye lekòl la deziye a lè gen yon pèt, domaj, oubyen move fonksyonman nenpòt pati aparèy mobil la pou kèlkeswa rezon an. Si yo vòlè aparèy la andeyò etablisman/teren lekòl la, paran an dwe kontakte depatman polis minisipal apwopriye nan Konte a, ranpli yon rapò polis e bay anplwaye lekòl la deziye a yon kopi rapò polis la. Nou ka ranplase aparèy mobil la sèlman yon fwa pou elèv, si yo toujou disponib.
- Pwovizyon sa yo, dapre kalite yo, fèt pou kontinye egziste apre ekspirasyon, anilasyon oubyen fen Akò sa a. Yo ap gouvène e entèprete Akò sa a selon lwa andwa pwosè Eta Florid pou nenpòt reklamasyon ka sèlman fèt nan tribinal yon jiridiksyon konpetan nan Miami-Dade County. Tout pati yo ap responsab pou pwòp frè ak pri avoka yo. Yo pap entèprete anyen nan sa ki la a kòm konsantman yon ajans oubyen yon sibdivizyon politik Eta Florid, tyès pèsòn ap ka pousuiv nan kèlkeswa sityasyon ki prezante nan kèlkeswa kontra a.

Silvouplè siyen paj sa a e remèt li bay lekòl la. Kenbe premye paj la pou dosye ou.

Non Paran/ Gadyen an (Enprime)

Relasyon ak Elèv la

Non Elèv la (Enprime)

Siyati Elèv la (Enprime)

Idantifikasyon Elèv la

Ane Eskolè Elèv la

Lekòl/Distri Lekòl

Mak/Modèl Aparèy Mobil la

Nimewo Seri Aparèy Mobil la

- Mwen se paran/gadyen legal timoun ki site anwo a e mwen bay pèmasyon mwen pou pitit mwen an patisipe nan Pwojè 1Million an. Pwojè ‘Sprint 1Million’ an konsantre sou ofri elèv aksè sou Entènèt san yo pa gen konèksyon lakay yo aktyèlman.
- Pou pitit mwen an patisipe nan Pwojè ‘Sprint 1Million’ an, mwen dakò pou lekòl li voye enfòmasyon obligatwa ki nan kòmansman fòm sa a dirèkteman nan Fondasyon Pwojè ‘1Million’ ak Sprint, ki pa pral itilize enfòmasyon sa yo pou okenn lòt objektif eksepte pou patisipasyon Elèv mwen an nan Pwojè ‘Sprint 1Million’ an e lekòl la pap pataje enfòmasyon sa yo avèk okenn lòt moun oubyen antite eksepte sa lalwa mande.
- Mwen sètifye pitit mwen an pa gen koneksyon nan kay la, e Pwojè ‘Sprint 1Million’ an ap sèl sous aksè Entènèt elèv mwen an nan kay la. *[Pa gen aksè Entènèt nan kay la vle di: a) pa gen aksè Entènèt nan kay la, b) gen yon sèl òdinatè nan kay la pou plizyè elèv, oubyen c) Entènèt nan kay la fonksyone sou liy telefòn.]*
- Mwen konprann pitit mwen an pral resevwa yon aparèy ansanm ak aksè pou Entènèt pou objektif akademik. Mwen konprann pitit mwen an dwe an konfòmite avèk Règ Itilizasyon Akseptab distri a e nenpòt pratik jesyon aparèy la. Mwen renonse a tout reklamasyon kont Lekòl Leta Miami-Dade County, Sprint, ‘Sprint Prepaid’, oubyen “1Million Project Foundation” (Fondasyon Pwojè ‘1Million’), enstitisyon ki ranplase yo ansanm ak benefisyè yo, ki gen rapò ak Pwojè 1Million la.
- Pwojè ‘Sprint 1Million’ ak enstitisyon ki ranplase li ansanm ak benefisyè li gen pèmasyon mwen tou pou itilize foto elèv mwen an piblikman pou pwomote Pwojè a. Mwen konprann yo ka itilize imaj yo nan piblikasyon yo enprime, piblikasyon sou Entènèt, prezantasyon, sit Entènèt, ak medya sosyal. Mwen konprann tou yo pap dwe m okenn redevans, frè oubyen lòt konpansasyon poutèt yon tèt ilizasyon.

Mwen li e mwen konprann tèm ak kondisyon Akò anwo a, e mwen dakò ak tout tèm ak kondisyon ki ladan. Mwen sètifye tout enfòmasyon nan fòm sa a kòrèk, e mwen gen otorite pou m bay konsantman mwen.

Siyati Elèv la _____	Dat _____
Siyati Paran/Gadyen an _____	Dat _____
Telefòn Lakay _____	Telefòn Pòtab _____